

KOLÈJ KOMINOTÈ GRATIS DISPONIB NAN NEW JERSEY

Kijan Bous Opòtinite Kolèj Kominotè fè kolèj kominotè vin abòdab:

Bous Opòtinite Kolèj Kominotè se bous ki pral peye frè eskolarite ak frè edikasyon apwouve yo ki poko kouvri pa lòt bous disponib yo ki aplike nan kont elèv la pou rezidan New Jersey ki gen revni brit ajiste (Adjusted Gross Incomes, AGI) ki kalifye.



ESKANE
MWEN!



Kilès ki kalifye pou Kolèj Kominotè gratis?

Bous Opòtinite Kolèj Kominotè disponib pou elèv ki satisfè kondisyon kalifikasyon sa yo:

- Se yon rezidan New Jersey ak yon revni brit ajiste total pou kay la ant \$0 ak \$65.000;
- Ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv la (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA) oswa Aplikasyon Altènatif pou Èd Finansye New Jersey a anvan dat limit leta ki aplikab yo.;
- Enskri nan omwen sis (6) kredi pa semès nan yon kolèj kominotè nan New Jersey pandan semès Prentan ak/oswa Otòn yo;
 - Tanpri sonje: Pou elèv ki kalifye ki ale nan yon kolèj kominotè andeyò konte kay yo a, nenpòt frè eskolarite ak frè adisyonèl yo chaje elèv ki soti andeyò konte a p ap kouvri. Se sèlman to nan konte a pou frè eskolarite ak frè nan kolèj kominotè y ap ale a ki pral kouvri pa bous la.
- Pa gen okenn diplòm kolèj anvan; epi
- Fè pwogrè akademik satisfèzan pandan tout patisipasyon nan pwogram nan.

Elèv ki enskri nan youn nan 18 kolèj konte New Jersey yo konsèye pou vizite
<https://njfams.hesaa.org> pou jwenn aksès nan kont elèv yo epi revize Lis Bagay pou Fè yo



Pou plis detay sou kalifikasyon elèv yo ak règ pwogram nan vizite Biwo Èd Finansye kolèj konte w la oswa vizite www.hesaa.org/pages/CCOG.aspx oswa eskane Kòd QR la.

